**दिन–मंगलवार** **दिनांक–25.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारतीय जनता पार्टीक वरिष्ठ सांसद ओम बिरला अठारहम लोकसभाक अध्यक्ष पद के चुनावक लेल राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन–एनडीएक उम्मीदवार होयताह। श्री बिरला आई अपन नामांकन दाखिल कयलनि। एम्हर, विपक्षी इंडिया गठबंधन एहि पद के लेल कांग्रेसक सांसद के. सुरेश कँे अपन उम्मीदवार बनौलक अछि। के. सुरेश अपन नामांकन दाखिल कऽ देलनि अछि। विपक्षक उम्मीदवार ठाढ़ कऽ देल जयबा सँ अध्यक्ष पद के लेल काल्हि चुनाव कराओल जायत। एहि सँ पहिने सरकार आ विपक्ष एहि पद के लेल आम सहमति धरि पहुँचबा मे असफल रहल अछि। संसदक बाहर पत्रकार सभ सँ गपशप करैत केन्द्रीय मंत्री पीयूष गोयल कहलनि जे एहि मुद्दा पर कांग्रेस नेतृत्व सँ बात कयल गेल, मुदा ओ अपन शर्त पर अडिग छथि। विपक्षक नेता श्री बिरलाक उम्मीदवारी पर समर्थन देबा सँ पहिने उपाध्यक्षक नामक घोषणा करबा पर जोर दऽ रहल छलाह। श्री गोयल कहलनि जे हुनका सूचित कऽ देल गेल जे उपाध्यक्षक मुद्दा एहि चुनावक समय निपटाओल जायत।

---

एहि सँ पहिने कांग्रेस सांसद राहुल गांधी कहलनि जे विपक्ष अध्यक्ष पदक उम्मीदवार के अपन समर्थन देबाक लेल तैयार अछि, मुदा उपाध्यक्ष पद के लेल विपक्षी पार्टीक उम्मीदवार हेबाक चाही। हमर संवाददाता जनौलनि जे लोकसभा अध्यक्षक चुनाव स्वाधीनताक समय सँ बिना कोनो प्रतिस्पर्धाक होईत रहल अछि, जखनकि, ई पहिल बेर भेल अछि, जे एहि पदक लेल प्रतिस्पर्धा भऽ रहल अछि।

---

केन्द्रीय मंत्री आ लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास के नेता चिराग पासवान लोकसभा अध्यक्षक पद के लऽकऽ विपक्षी इंडिया गठबंधनक रूखि पर प्रश्न उठौलनि। संसद भवन परिसर मे मीडिया सँ गपशप करैत ओ कहलनि जे विपक्ष लोकसभा अध्यक्षक लेल समर्थन देबा के लऽकऽ जाहि तरहे उपाध्यक्षक पद के शर्त लगौलनि ओ उचित नहि अछि। श्री पासवान कहलनि जे हुनका स्मरण नहि अछि जे आजादीक बाद कखनौ लोकसभा अध्यक्षक

पद पर चुनाव भेल अछि। ओ जनौलनि जे जँ एहि पदक लेल चुनाव होइत अछि तखनहु राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधनक उम्मीदवार श्री ओम बिरला के जीत निश्चित अछि।

---

जनता दल यूनाईटेड सुपौल सँ नव निर्वाचित सांसद दिलेश्वर कामत के लोकसभा मे संसदीय दलक नेता बनौलक अछि। पछिला लोकसभा मे ई जिम्मेदारी पार्टीक वरिष्ठ नेता राजीव रंजन उर्फ ललन सिंहे लऽग छल। ओतहि, पार्टी राज्यसभा सांसद संजय झा के रामनाथ ठाकुर के स्थान पर राज्यसभा मे संसदीय दलक नेताक जिम्मेदारी देलक अछि। पार्टीक संसदीय दलक नेता आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ एहि संबंध मे औपचारिक निर्णय लेलनि अछि।

---

देश मे आपातकाल लगाओल जएबाक आइ पचासम बरखी अछि। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एक सोशल मीडिया पोस्ट जारी कऽ आपातकालक विरोध करयबला महान पुरूष आ महिला सभ के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। श्री मोदी कहलनि जे ई दिन स्मरण दिअबैत अछि जे कोना आधारभूत स्वतंत्रता के नष्ट कऽ संविधान के कुचलि देल गेल छल। प्रधानमंत्री श्री मोदी जनौलनि जे तत्कालीन कांग्रेस सरकार सभ लोकतांत्रिक सिद्धांतक अवहेलना कयलक आ देश के जेल बना देलक। श्री मोदी जनौलनि जे लोक सभ जे आपातकाल लगौलनि हुनका संविधानक प्रति प्रेम जतेबाक कोनो अधिकार नहि अछि।

---

विधान परिषदक रिक्त भेल एक सीट पर चुनावक अधिसूचना आइ जारी कऽ देल गेल। एकर संगहि, नामांकनक प्रक्रिया आरंभ भऽ गेल। दू जुलाई धरि नामांकन भरल जा सकत। नामांकन पत्रक जांच तीन जुलाई कऽ होयत। जखनकि, नाम वापसीक अंतिम तिथि पांच जुलाई निर्धारित अछि। ध्यातव्य अछि जे ई सीट राजदक विधान पार्षद रामबलि चंद्रवंशी के पार्टी सँ निष्कासित कयल जयबाक बाद रिक्त भेल अछि।

---

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी– एनटीएक माध्यम सँ परीक्षा कैँ पारदर्शी, सुचारू आ निष्पक्ष संचालन के सुनिश्चित करबाक लेल शिक्षा मंत्रालय द्वारा गठित विशेषज्ञ लोकनिक उच्च–स्तरीय समितिक काल्हि पहिल बैसक भेल। समिति दू मास मे शिक्षा मंत्रालय के अपन रिपोर्ट सौंपत।

———————————————————————————

दक्षिण—पश्चिम मॉनसूनक सक्रियता सँ राज्यक अधिकतर भाग मे हल्का सँ मध्यम स्तर के वर्षा दर्ज कयल गेल। राज्यक उत्तरी भाग मे कतेको ठाम मध्यम सँ भारी वर्षा भेल अछि। एम्हर, राजधानी पटना सहित प्रदेशक अधिकतर भाग मे आइ भोर सँ वर्षाक परिस्थिति बनल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला किछु दिन धरि राज्यक अधिकतर भाग मे हल्का सँ मध्यम वर्षा होयत। एहि दरमियान किछु स्थान पर वज्रपातक सेहो संभावना अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।